# «Abat awıl» baǵdarlaması ámelde

Prezidentimizdiń 2021-jıl 2-apreldegi «Abat awıl» hám «Abat mákan» baǵdarlamaların ámelge asırıw boyınsha qosımsha is-ilajları haqqındaǵı qararı tiykarında rayonımız aymaǵınan «Abat awıl» hám «Abat mákan» baǵdarlamasın ámelge asırıw ushın «Baqanshaqlı» APJ aymaǵınan Mádeniyat awılı, «Aqterek» MPJ aymaǵınan Aqterek auılı usı baǵdarlamaǵa kirgizildi. Bul aymaqlarǵa jámi 4 mlrd 963 mln. so'mlıq qurılıs hám abadanlastırıw jumısların alıp barıw rejelestirilgen bolıp, sonnan respublika byudjeti esabınan 1 mlrd 476 mln so'm, tarmaq kárxanaları esabınan 1mlrd 984 mln so'm qarjı ajıratılǵan. Búgingi kúnde rejedegi jumıs kólemi tolıǵı menen orınlandı. «Abat awıl» baǵdarlamasına kirgizilgen «Baqanshaqlı» APJ Mádeniyat awılı 9 kóshe,140 shańaraqtan ibarat. Aymaqtaǵı 8,9 km ishki jollarda qurılıs hám ońlaw jumısları alıp barılıp, jollarǵa sarı qum hám tas aralaspası (ШПС) tóseldi.

Image not found or type unknown

Elektr tarmaqların jańalaw hám modernizaciyalaw ushın tarmaq kárxanası tárepinen 918 mln. so'm qarjı ajıratılıp, 3,5 km elektr tarmaqları tartıldı. 1 dana transformator ońlanıp, 37 dana beton baǵanaları ornatıldı. Gaz támiynatı boyınsha tarmaq kárxanası esabınan 41 mln. so'm qarjı ajıratılıp, 4 km gaz tarmaqlarında hám 1 dana gaz bólistiriwshi (GRP) úskenesinde ońlaw jumısları ámelge asırıldı.

Image not found or type unknown

Baylanıs tarmaqların rawajlandırıw ushın tarmaq káxanası esabınan 396 mln. so'm qarjı ajıratılıp, 5 km baylanıs tarmaqları tartıldı. Baǵdarlamaǵa kirgen aymaqtı zaman talaplarına say abadanlastırıw maqsetinde jergilikli byudjet esabınan 1 km piyadalar jolların qurıw hám 40 dana túngi jarıtqıshlardı ornatıw jumısları «Universal prium stroy»JShJ tárepinen alıp barıldı. Sonday-aq, 140 dana turaq jaylarǵa ońlaw jumısları islendi. Al, «Aqterek» MPJ Aymaǵındaǵı Aqterek awılı tiykarınan 7 kóshe 175 shańaraqtan ibarat. Bul aymaqta «Abat awıl» baǵdarlaması tiykarında 3,2 km ishki jollarǵa sarı qum hám tas aralaspası (ШПС) tósew jumısları tolıq orınlandı. 12,7 km elektr

energiyası tarmaqların quriw ,ońlaw jumısları tolıq juwmaqlanıp, 2 dana transformator ornatıldı. Sonday-aq, 40 dana túngi jarıtqıshlardı ornatıw jumısları ámelge asırıldı.

Image not found or type unknown

Nókis rayonı hákimliginiń Málimleme xızmeti